



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO A METE AKSAN SOU LWA SOU RETABLISMAN KLAS  
MWAYÈN LAN NAN BUFFALO**

*Inisyativ Buffalo Billion lan ap Sipòte kwasans Jèn Konpayi Atravè Sektè  
Teknoloji a yo; University at Buffalo a pral Tabli Premyè Faz  
Sant Inovasyon an avèk Sibvansyon 32 Milyon Dola*

*L ap Kontinye Entwodwi Pwogresiv Rediskyon Enpo Klas Mwayèn lan ak Kredi  
Alèjman Fiskal Enpo Lokatif Lokal la*

*Li Siyen Lejislasyon k ap Lanse Dezyèm Faz Pwogram Bous Detid Excelsior la;  
Fanmi ki Touche Jiska 110,000 Dola pa ane yo Kounye a ap Elijib pou Inivèsite  
San Frè Eskolè*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gran pwen Lwa sou Retablisman Klas Mwayèn lan (Middle Class Recovery Act) nan Buffalo, k ap kenbe pwomès Gouvènè a te fè pou l investi nan djòb, redwi taks, ak agrandi aksè a edikasyon an. Gran pwen yo gen ladan lansman Sant Inovasyon an (Innovation Hub), ki pral ofri sipò global, san fay pou akselere kwasans jèn konpayi Rejyon Lwès New York la yo atravè yon investisman 32 milyon dola; kontinyasyon entwodiksyon pwogresiv Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan (Middle Class Tax Cut) ak Kredi Alèjman Fiskal Enpo Lokatif Lokal la (Local Property Tax Relief Credit); ak lejislasyon li te siyen ki lanse dezyèm faz pwogram Bous Detid Excelsior la (Excelsior Scholarship Program), k ap ogmante limit elijibilite revni an, k ap pèmèt Nouyòkè ki gen revni fanmi yo ki rive jiska 110,000 dola pa ane yo pral vin elijib.

“Nan moman kote Nouyòkè klas mwayèn lan yo ap konfwonte defi depizanpli epi pri yo ap ogmante, New York ap redwi fado taks la epi investi nan djòb, edikasyon ak opòtinite pou tout moun”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lwa sou Retablisman Klas Mwayèn lan kontinye kreye yon chemen vè lavan pou sila k ap lite pou yo ale vè lavan nan Rejyon Lwès New York la ak toupatou atravè eta a yo, sa k ap konstwi yon New York ki pi solid, pi briyan.”

**Sant Inovasyon Buffalo a**

Konsèy Administratif (Board of Directors) Empire State Development lan (ESD) te rankontre jodi a epi yo te apwouve yon investisman 32 milyon dola University at

Buffalo a (UB) pral fasilite anvè lansman Sant Inovasyon an ki pral estimile inovasyon ak espri antreprenarya. Objektif Sant Inovasyon an se pou yo konsiderabman akselere komèsyalizasyon teknoloji yo jenere nan University at Buffalo a, Enstiti Rechèch Medikal Hauptman-Woodward la (Hauptman-Woodward Medical Research Institute), Sant Kansè Konplè Roswell Park la (Roswell Park Comprehensive Cancer Center), Sante Kaleida (Kaleida Health) ak Enstiti Jacobs la (Jacobs Institute). Li pral ogmante jèn konpayi ak kwasans konpayi teknoloji yo, sa ki pral ogmante investisman prive ak djòb yo nan Rejyon Lwès New York la kòm konsekans.

“Nou ap travay nan yon fason agresiv pou nou redwi pri ak taks pou fanmi New York k a travay di yo nan kad Lwa sou Retablisman Klas Mwayèn lan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Investisman yo fè pati inisyativ Buffalo Billion lan ak lòt inisyativ ankò yo k ap devlope ekonomi Buffalo ak kreye djòb. Lansman Sant Inovasyon an mete aksan sou konsantrasyon nou kontinye mete sou djòb nan sektè teknoloji avanse 21èm syèk la yo. Anmenmtan, dezyèm faz pwogram Bous Detid Excelsior la pral sipòte edikasyon etidyan yo epi prepare yo pou yo jwenn opòtinite pou yo reyenvesti nan kominote Buffalo a ak pi lwen ankò.”

**Prezidan UB an, Satish K. Tripathi, te deklare,** “Se rechèch inivèsité ki nan kè nenpòt sant antreprenarya. Atravè konesans apwofondi kò pwofesoral nou an, angajman nou pran depi byen lontan anvè kominote a, ak rekò kolaborasyon antreprenaryal ant etidyan ak pwofesè yo—nan domèn soti nan syans lavi yo ak syans materyo yo rive nan teknoloji enfòmatis ak dirabilite — UB te kreye yon anviwonman dinamik kote espri antreprenarya ka devlope ak fleri”.

Ekosistèm antreprenè ak kominote reyisi yo mande pou gen plizyè eleman kle, pami yo rechèch pou jenere nouvèl inovasyon, ekspètiz komèsyal ak sipò, finansman kapital riske, aksè a enkitabè ak ekipman espesyalize, ak yon mendèv ki plen talan. UB ak patnè Sant lan yo gen yon pòtfèy inovasyon solid soti nan kò pwofesoral la, anplwaye yo, chèchè yo ak etidyan yo. Sant lan pral ofri resous nesèsè inovasyon sa yo bezwen soti nan sal klas, laboratwa oswa klinik yo pou rantre sou mache a atravè nouvo jèn konpayi yo. Sibvansyon an pèmèt Sant Inovasyon an ofri espas enkitabè pou mete jèn konpayi teknoloji yo nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a (Buffalo Niagara Medical Campus, BNMC), li tabli yon fon investisman pou komèsyalizasyon teknoloji, epi ofri pwogram mantora ak lòt pwogram sipò ak sèvis pou gide inovatè yo soti nan ide yo rive nan mache a.

Sant Inovasyon an make dezyèm investisman Buffalo Billion eta ap fè ki dedye a konstriksyon ekosistèm antreprenaryal Buffalo a. Byenke 43North pral kontinye atire jèn konpayi ki nan yon estad pi avanse yo k ap soti toupatou nan mond lan, Sant Inovasyon an ap konsantre sou ofri resous pou pèmèt inovasyon ki soti nan pwòp enstitisyon ak moun ki nan rejyon an yo pou yo derape nan konpayi ki pral devlope nan Rejyon Lwès New York la yo.

Nan diskou Eta Leta li te bay an Janvyè 2017 la, Gouvènè Cuomo te anonse IIèm Faz Inisyativ Buffalo Billion lan, ki se yon investisman 500 milyon dola k ap fèt nan Rejyon Lwès New York la. Plan sa te gen ladan yon alokasyon 40 milyon dola pou kreye Sant Inovasyon sou Kanpis Medikal Buffalo Niagara a. Sant lan pral rantabilize resous òganizasyon patnè BNMC yo - pami yo UB, 43North ak Roswell Park - pou ede plis fè

vanse ekosistèm antreprenaryal la nan Rejyon Buffalo Niagara a. Konsèy Administratif ESD a pral apwouve sibvansyon alavni k ap soti nan rès 8 milyon dola nan yon dat pita.

Pwojè Sant Inovasyon an gen twa eleman prensipal, pami yo:

- Fon pou planifikasyon, konsepsyon, renovasyon, konstriksyon, mèb, enstalasyon, ak ekipman pou transfòmasyon k ap koute apeprè 7 milyon dola k ap fèt nan Sant Ekselans pou Biyoenfòmasyon ak Syans Lavi (Center of Excellence for Bioinformatics & Life Sciences, CBLS) UB a pou l vin tounen yon espas sipò pou enkibatè ak antreprenè yo; yo pral mete espas enkibatè a disponib pou konpayi ki afilye ak UB yo ak òganizasyon patnè yo, pami yo Sant Kansè Konplè Roswell Park la, Sante Kaleida, Enstiti Rechèch Medikal Hauptman-Woodward la, Enstiti Jacobs la. UB pral itilize espas adisyonèl nan CBLS pou pwogram sipò pou antreprenè yo, evènman, edikasyon ak sèvis konèks yo. Yo prevwa premyè faz espas enkibatasyon an ap disponib nan fen ane 2019 la.
- Tabli Fon Envestisman 13.5 milyon dola pou bay demonstrasyon fezabilite ak investisman predemeraj/demaraj pou jèn konpayi yo; yo konte lanse fon an nan kòmansman ane 2019 la.
- Ofri sansibilizasyon bay ak angaje ak kò pwofesoral, anplwaye, ak etidyan UB ak lòt enstitisyon k ap patisipe yo pou yo ogmante kantite ak kalite opòtinite jèn konpayi yo; kowòdone ak egzekite pwogramasyon sipò pou jèn konpayi an epi devlope nouvo inisyativ pou gide jèn konpayi yo atravè tout faz devlopman yo; ak sipò pou pèsonèl yo pou administre nouvo pwogram ak sèvis yo. Eleman sa a pral itilize apeprè 11.5 milyon dola nan fon an sou yon peryòd senkan. Pwogram lan pral kòmanse ane sa a.

## Soulajman nan Taks

**Pwoteje Moun New York yo kont Chanjman Fiskal Federal yo:** Lwa fiskal federal ki fèk fin adopte an gen enplikasyon fiskal federal ki negatif pou anpil moun New York. Nan dechèpiye dediktibilite enpo lokal ak eta yo, lwa a efektivman ap ogmante enpo revni eta ak lokatif yo pou fanmi klas mwayèn yo de 20 a 25 pousan. New York ap batay an repons kont plan federal la ansanm ak pèt alafwa dediktibilite enpo revni yo ak dediktibilite enpo lokatif yo. Pou konbat daso an, Bidjè Ane Fiskal 2019 lan:

- **Elaji Kontribisyon Charitab pou Benefisyè Moun New York yo:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kreye de nouvo Fon Kontribisyon Charitab (Charitable Contribution Funds) ke eta a ap opere pou yo aksepte don pou rezon ki konsène amelyorasyon swen sante ak edikasyon nan New York. Kontribiyab ki detaye dediksyon yo ka reklame kontribisyon charitab sa yo kòm dediksyon nan deklasyon fiskal Federal ak Eta yo. Nenpòt kontribiyab ki ap fè yon don kapab reklame tou yon kredi fiskal Eta ki egal a 85 pousan nan kantite don pou ane fiskal lan apre ke yo fè don an. An plis, pwojè lwa a ap otorize distri lekòl yo ak lòt gouvènman lokal yo pou yo kreye fon charitab yo. Don yo fè nan fon sa yo pral ofri

yon rediksyon nan enpo lokatif lokal yo (atravè yon kredi lokal) ki egal a yon pousantaj don an.

- **Kreye Pwogram Depans pou Konpansasyon Patwon (Employer Compensation Expense Program, ECEP) Altènatif:** Byenke refòm taks federal yo te elimine dediktibilite taks Eta ak lokal yo konplètman pou moun yo endividyèlman, yo te epanye biznis yo de limitasyon sa yo. Sou Bidjè Ane Fiskal 2019 lan patwon yo pral kapab chwazi antre nan yon nouvo estrikti ECEP. Anplwayè ki chwazi patisipe yo pral sijè a peye yon enpo 5 pousan sou tout depans salè anyèl ki plis pase 40,000 dola pa anplwaye, sa ap konplètman antre an vigè sou yon peryòd twa ane kòmanse apati dat 1 Janvyè 2019. Sistèm taks sou revni pèsònèl pwogresif la ap rete an plas, epi nouvo kredi taks konrespondan an valè ki nan ECEP a pral redwi taks sou revni pèsònèl sou salè a epi asire kontribiyab Eta a yo ki peye ECEP yo pap santi yon rediksyon nan salè nèt yo.
- **Dezasosye soti nan Kòd Fiskal Federal la:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap dezazosye kòd fiskal eta a soti nan kòd fiskal federal la, kote sa nesèsè, pou evite plis pase 1.5 milya dola nan ogmantasyon fiskal Eta a ke yo te pote sèlman apati ogmantasyon nan enpo Federal yo.

**Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan (Middle Class Tax Cut):** Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. An 2018, ekonomi mwayèn yo pral totalize 250 dola epi, lè li fin rantre an vigè totalman, sis milyon moun New York pral ekonomi an mwayèn 700 dola chak ane. Yon fwa ke li fin rantre an vigè totalman, nouvo nivo yo pral nan pi ba nivo yo nan plis pase 70 ane - bese soti 6.45 rive 5.5 pousan pou revni ki klase ant 40,000 dola - 150,000 dola ak 6.65 rive 6 pousan pou revni ki klase ant 150,000 dola - 300,000 dola. Nouvo nivo enpo ki pi ba yo pral ekonomize moun New York klas mwayèn yo 4.2 milya dola, chak ane, apati 2025. Lè li konplètman an vigè, plis pase 345,000 Nouyòkè nan Rejyon Lwès New York la yo pral gen yon rediksyon taks 651 dola an mwayèn.

**Kontinye ak Kredi pou Reparasyon Enpo Lokatif Lokal la:** Kredi Enpo Lokatif lan, ki te adopte an 2015, pral bay yon rediksyon mwayèn 380 dola nan enpo lokatif lokal yo bay 2.6 milyon pwopriyete kay ane sa sèlman. Apati 2019, pwogram lan pral bay yon 1.3 milya dola adisyonèl nan soulajman enpo lokatif yo ak yon kredi mwayèn 530 dola.

### **Elaji Aksè a Ansèyman Siperyè**

Jodi a, Gouvènè Cuomo a te siyen lejislasyon k ap lanse dezyèm faz Pwogram Bous Detid Excelsior la. Lejislasyon an ap ogmante limit elijibilite revni pou Bous Etid Excelsior la k ap pèmèt Nouyòkè ki gen revni fanmi yo ki rive jiska 110,000 dola pa ane yo pral vin elijib. Lè li konplètman reyalize, tou premye pwogram nan nasyon an sa a pral ofri inivèsite san frè eskolè nan inivèsite piblik New York la yo pou fanmi k ap touche plis pase 125,000 dola pa ane yo. Pou kapab kontinye pwogram revolisyonè sa a, Bidjè Ane Fiskal 2019 la gen ladan 118 milyon dola pou sipòte anviwon 27,000 etidyan ki nan pwogram Excelsior la yo. Ansanm ak lòt sous asistans pou frè ansèyman yo, ki enkli Pwogram Asistans pou Frè Ansèyman Eta New York lan (New York State Tuition Assistance Program) ki jenere an, Bous Etid Eksèsyò a pral pèmèt anviwon 53 pousan etidyan nan eta ki nan SUNY ak CUNY a tan konplè yo, oswa plis

pase 210,000 abitan New York, pou yo ale nan inivèsite ak frè ansèyman ki gratis lè li fin rantre an vigè totalman.

Pou yo elijib pou yon Bousdetid Excelsior, etidyan yo dwe rezidan Eta New York, gen lentansyon al nan yon kolèj dezan oswa katran nan SUNY oswa nan CUNY, pran 30 kredi pa ane (sa gen ladan sesyon Ete ak Ivè yo), ak sou chimen pou gradye alè avèk yon Diplòm Asosye nan dezan oswa yon Lisans nan katran. Epitou bousye yo dwe gen lentansyon rete nan Eta New York pandan dire tan yo resevwa bousdetid la.

Selon pwogram novatè sa a, prèske 80 pousan, oswa 940,000 fanmi ak moun klas mwayèn k ap fè jiska 125,000 dola pa ane, ta kalifye pou yo ale nan kolèj gratis lè pwogram nan fin aplike nèt. Repatisyon pa rejyon an disponib [isit la](#).

Nan Rejyon Lwès New York la, prèske 30,000 etidyan inivèsite premye sik atanplen rezidan frekante fakilte SUNY ak CUNY yo. Prèske mwatye nan etidyan sa yo pral lekòl san frè eskolè atravè pwogram Bous Detid Excelsior la ak lòt sous asistans pou ede peye frè eskolè yo, tankou sibvansyon TAP, Pell la ak lòt sibvansyon ankò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)